# Tiykarlanbaǵan hám jalǵan maǵlıwmat tarqatıw juwapkershilikke tartıwǵa sebep boladı

Jaqında sociallıq tarmaq paydalanıwshılarınan biri puqara G.Kanyazova tárepinen Өzbekstan Respublikasınıń 11.07.2008-jıldaǵı «Mayıplardı sociallıq jaqtan qorǵaw haqqında»ǵı nızamınıń bir neshe bántleri Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi tárepinen buzılǵanlıǵı yaǵnıy imaratqa kiriw jerinde pandustıń joq ekenligin sınǵa alıp sociallıq tarmaqlarda post qaldırǵan.
Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi imaratına kiriw esiginde pandus bar. Bul búgin ya keshe qurılǵan pandus emes. Súwretlerge itibar etip qarasańız onıń aldınnan bar ekenliginiń gúwası bolasız.

Image not found or type unknown

Sociallıq tarmaq paydalanıwshıları tárepinen hár qıylı tastıyıqlanbaǵan foto, video kórinislerdiń hám maǵlıwmatlardıń keń jámiyetshilikke tarqatılıwı nátiyjesinde unamsız jaǵdaylar kelip shıǵıwı múmkin.
Sonıń menen birge hár bir shaxs sociallıq tarmaqlarda tarqatqan maǵlıwmatı ushın nızam aldında juwapker ekenliginde umıtpawımız kerek.
Húrmetli sociallıq tarmaq paydalanıwshıları! Hár bir shıǵarǵan postıńızdı sergeklik penen, faktlerge súyengen halda hám tereń huqıqıy bilim menen jazıwıńızdı sorap qalamız.
Tiykarlanbaǵan hám jalǵan maǵlıwmat tarqatıw hákimshilik juwapkershilikke tartıwǵa sebep bolatuǵının umıtpań.

QR Ministrler Keńesi Málimleme xızmeti